

## **BAB III**

### **METODÉ PANALUNGTIKAN**


#### **3.1 Desain Panalungtikan**

Ieu panalungtikan téh kaasup kana panalungtikan kualitatif, nu ngaguar struktur jeung ajén moral dina novél *Kakarén Révolusi* karya Tatang Sumarsono. Éta hal saluyu jeung karakteristik panalungtikan kualitatif nurutkeun Bogdan jeung Biklen (dina Emzir, 2011, kc. 2), yén salasahiji ciri panalungtikan kualitatif nya éta data nu dikumpulkeunana leuwih nyoko kana kekecapan atawa gambar tibatan angka.

Balukar tina data panalungtikan kualitatif nu mangrupa kekecapan atawa gambar, bakal mangaruhan kana métode panalungtikan nu digunakeun. Métode téh asalna tina kecap *methodos* anu hartina cara atawa jalan (Purwanto, 2012, kc. 164). Nurutkeun Suharto spk, (2004, kc. 98), métode mangrupa cara évaluasi, analisis, sarta seléksi rupa-rupa alternatif cara atawa téknik. Métode anu digunakeun pikeun nganalisis sumber data dina ieu panalungtikan nya éta métode gabungan, tegesna métode déskriptif analitik. Sakumaha nu didadarkeun ku Ratna (2013, kc. 53), métode déskriptif analitik dilakukeun ku cara ngadéskripsikeun fakta-fakta nu satuluyna disusun ku analisis kalayan gemet.

Desain panalungtikan nya éta bagan guluyurna tahap panalungtikan anu ngagambarkeun léngkah-léngkah panalungtikan. Desain dina rarancang panalungtikan antukna bisa meunangkeun hiji logika. Desain anu digunakeun dina ieu panalungtikan bisa dibagankeun saperti ieu di handap.

### 3.1 Bagan Desain Panalungtikan



### 3.2 Data jeung Sumber Data

Istilah data nyoko kana *material kasar* nu dikumpulkeun ku panalungtik ti dunyana nu keur ditalungtik. Data mangrupa bagian husus nu ngawangun dasar-dasar analisis (Emzir, 2011, kc. 65). Nurutkeun Patton (dina Emzir, 2011, kc. 65), data dina panalungtikan kualitatif, kabagi jadi tilu, nya éta data tina hasil wawancara, data tina hasil observasi atawa pengamatan, sarta data tina dokumén.

Dumasar kana babagian data di luhur, data dina ieu panalungtikan nya éta data tina dokumén, tegesna mah cutatan-cutatan struktur carita jeung ajén moral anu aya dina novél Sunda nu terbit taun 2012, karya Tatang Sumarsono, nu judulna *Kakarén Révolusi*. Tina éta pedaran, nandeskeun ogé yén kalungguhan novél *Kakarén Révolusi* dina ieu panalungtikan téh minangka sumber data panalungtikan.

### 3.2.1 Sinopsis Novél

Carita novél *Kakarén Révolusi* téh dimimitian ku tokoh Erom nu katéwak ku tentara NICA nalika lalampahan ka Bandung Kalér, rék ngalongok aki jeung ninina nu geus ngurus manéhna ti leutik mula. Sanggues kacerek ku tentara NICA, Erom téh disalametkeun ku sobat dalitna jaman keur leutik, Rusli. Najan disalametkeun ku Rusli, dina haté Erom mah teu ngarasa bungah, sabalikna Erom kalah ka ngarasa keuheul sarta kuciwa ka Rusli nu harita ngagabung jadi tentara NICA.

Sanggeus nampa kanyataan yén sobat jaman keur leutikna jadi penghianat bangsa, tegesna ngabélot ka musuh, dina hate Erom beuki buleud tékadna pikeun ngamaerdékakeun Républik, kalayan merdéka nu saenyana. Pikeun ngahontal éta udaganna, Erom dibéré kapercayaan pikeun mingpin kompi soldadu Républik. Nalika perjuangan Erom jeung kompi soldaduna keur sumanget-sumangetna, sawatara anggota kompi Erom aya nu dibébastugaskeun lantaran teu nyumponan sarat-sarat jadi tentara.

Éta kajadian téh tétéla jadi binih pacéngkadan di antara tentara Républik. Jalma-jalma anu aya di kompi Erom, saurang-saurang ngundurkeun diri jadi tentara, malah aya nu teu bébéja sagala. Antukna, sanggeus kompina bubar, Erom balik deui ka Garut, pikeun néangan deui kolotna.

Sanggeus tepi di Garut, masalah nu karandapan ku Erom téh teu anggeus baé. Di Garut, Erom kudu nyangaherupan pasualan nu datangna ti sakumpulan jalma anu nyebut dirina urang gunung, nu tétéla urang gunung éta téh urut anggota kompina baheula nu malik teu suka ka Républik, lantaran ngarasa teu dihargaan pédah teu bisa maca. Éta gerombolan urang gunung téh baruntak sarta nyieun kaakcowan di Tatar Pasundan, utamana di pasisian.

Kaayaan siga kitu téh ngabalukarkeun Erom nyorang kabingung nu pohara, antara kudu tetep matuh di Garut, atawa kudu ninggalkeun éta tempat pikeun ngadu nasib ka Bandung. Sanggeus dipikiran kalayan enya-nya, ahirna Erom mutuskeun pikeun balik deui ka Bandung, ngadu nasib di ieu kota. Kaayaan di kota jeung di lembur téh tétéla sarua héséna. Lolongkrang gawé geus pinuh dieusian ku urang Wétan.


Salian ti néangan gawé, di Bandung téh Erom ogé milu ilubiung dina kumpulan nu boga tujuan rék ngalelempeng pamaréntahan dina ngabebeuh daérah. Éta hal téh dilantarankeun ku paamprokna Erom jeung sobat-sobat sakompina baheula. Pergerakan '*bawah tanah*' éta téh lila kalilaan kabongkar ku pamaréntah, sarta tuluy sakabéh anggotana dicerek, kaasup Erom. Ari anu jadi alesanana nya éta, pamaréntah téh neundeun curiga ka éta gerakan sieun boga tujuan ngaruntuhkeun pamaréntahan. Éta perkumpulan téh tuluy dibubarkeun ku pamaréntah. Sedengkeun Erom, disalametkeun ku babaturanna waktu jadi tentara, laju balik deui ka imahna di Kota Bandung.

### 3.2.2 Deskripsi Novél

Novél *Kakarén Revolusi* mangrupa salasahiji hasil karya Tatang Sumarsono anu diterbitkeun ku PT. Dunia Pustaka Jaya taun 2012. Ieu novél téh kawangun ku 160 kaca, kalayan dua belas épisode. Jilid ieu novél didominasi ku warna hideung jeung hawuk, tuluy digambaran *siluet* lalaki maké barét.

Dina kaca hiji, aya tulisan judul novél, tuluy dina kaca tilu aya judul novél, pangarang jeung penerbit bukuna. Dina kaca opat, aya idéntitas ieu novél, kaca lima aya daftar eusi, jeung kaca tujuh aya épisode kahiji. épisode kadua aya dina kaca 25, épisode katilu kaca 39, kaca 52 épisode kaopat, épisode kalima aya dina kaca 64, tuluy épisode kagenep aya dina kaca 71, épisode katujuh aya di kaca 83, épisode ka dalapan aya dina kaca 97, tuluy épisode ka salapan aya dina kaca 108, épisode kasapuluh aya dina kaca 118, épisode sabelas aya dina kaca 130, sedengkeun épisode dua belas aya dina kaca 139. Satuluyna, dina kaca 158-159 aya katerangan sawatara kecap jeung istilah, dina kaca 160 aya biografi pangarang.

**Gambar 3.1 Cover Novél Kakarén Révolusi karya Tatang Sumarsono**



### 3.3 Instrumén Panalungtikan

Luyu jeung téknik ngumpulkeun datana, instrumén anu diperlukeun dina ieu panalungtikan nya éta kartu data, anu di jerna ngandung data-data anu diperlukeun pikeun panalungtikan. Kartu datana saperti ieu di handap.

**Tabel 3.1 Conto Kartu Data**

Ungkara	: .....	Ungkara	: “Mun teu ditulungan ku Erom, meureun harita sayah téh paéh. Nuhun euy, Rom”
Kode	:	Kode	: MMPJ
MA	: Moral manusa ka Allah SWT	Kaca	: 16
MMD	: Moral manusa ka dirina sorangan	Judul Buku	: KR
MMPJ	: Moral manusa ka papada jalma		
MMA	: Moral manusa ka alam		
MMW	: Moral manusa ka waktu		
MMLB	: Moral manusa dina ngudagkapuasan lahiriah jeung batiniah		
Kaca	: ...		
Judul Buku	: Kakarén Révolusi		
			“Mun teu ditulungan ku Erom, meureun harita sayah téh paéh. Nuhun euy, Rom” (MMPJ/16/KR)

Yanwar Achmad Najih, 2015

**STRUKTUR CARITA JEUNG AJÉN MORAL DINA NOVEL KAKARÉN RÉVOLUSI KARYA TATANG SUMARSONO PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA DI KELAS XI SMA**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

### 3.4 Téknik Ngumpulkeun Data

Teknik anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data nya éta téknik *study pustaka*. Léngkah-léngkah dina ngumpulkeun data nya éta.

- a. Maca novél *Kakarén Révolusi* karya Tatang Sumarsono
- b. Nyirian struktur carita jeung ajén moral nu aya dina novél *Kakarén Révolusi*
- c. Nyalin struktur carita jeung ajén moral kana kartu data.

### 3.5 Téknik Analisis Data

Pikeun nganalisis data, digunakeun ogé pamarekan strukturalisme, nurutkeun Ratna (2013, kc. 88), struktur téh asalna tina basa Latén, nya éta tina kecap *struktur* anu hartina wangun. Masih nurutkeun Ratna (2013, kc. 91), sacara *definitive*, strukturalisme téh hartina paham ngeunaan unsur-unsur, nya éta struktur éta sorangan, kalayan mékanisme antar hubunganna; di hiji pihak antar hubungan unsur nu hiji jeung unsur lianna, di pihak séjénna hubungan antara unsur-unsur jeung totalitasna.

Ku sabab karya sastra diwangun ku struktur anu unsur-unsurna pakait, pamarekan strukturalisme ilahar dipaké pikeun ngadadarkeun unsur-unsur nu ngawangunna. Éta hal saluyu jeung pamadegan Ratna (2013, kc. 93), yén strukturalisme téh museurkeun paniténa kana analisis unsur-unsur karya sastra.

Kalayan leuwih jéntré, tujuan paham strukturalis téh didadarkeun ku Teeuw. Dina bukuna, Teeuw (1988, kc. 106) ngadadarkeun yén analisis struktural téh miboga tujuan pikeun ngabongkar sarta ngadadarkeun kalayan taliti, sarta nyosok jero patalina unsur-unsur dina karya sastra, sangkan bisa maham ma'nana kalayan gembheng. Alatan kitu, dumasar pedaran di luhur, bisa dicindekkeun yén struktur téh mangrupa hiji *kontruksi* anu di jerona dieusian ku unsur-unsur nu silih patali.

Data nu geus kakumpul, dianalisis ngagunakeun téknik interprétasi struktural jeung ajén moral nu satuluyna hasilna didéskrripsikeun sarta dipakaitkeun jeung bahan pangajaran maca di kelas XI SMA. Léngkah-léngkah pikeun ngolah data dina ieu panalungtikan saperti di handap.

- a. Panalungtik nyusun data anu geus kakumpulkeun dumasar kana tiori tina hasil studi pustaka.
- b. Nganalisis struktur carita tina data nu geus kakumpulkeun.

- c. Nganalisis ajén moral anu aya tina data nu geus kakumpul.
- d. Ngadéskripsikeun hasil panalungtikan (struktur carita jeung ajén moral) kana wangun tabél, nu satuluyna dijadikeun pikeun bahan pangajaran maca di kelas XI SMA, nu tangtuna waé maké aturan-aturan jeung prinsip-prinsip nyusun bahan ajar.